लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# आराधनालय की एगो अगुवा क यीशु से मुलाकात

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus

अनुकूलित: M. Maillot; Sarah S.

Alastair Paterson

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

एक दिन यीशु आराधनालय में गोइलें तब उ देखलें कि लोग, उँहा परमेश्वर की मंदिर क अपमान कर रहल बाने। उ सब जानवरन क बिक्री अउर मंदिर में पइसा क लेन देन करत रहलें!



एगो तार के कोड़ा नीयर बना के, यीशु ओ ब्यपारियन के मंदिर की बाहर निकाल दिहलें। उ उन लोगन के आज्ञा दिहलन कि, "इन सब के दूर ले जाव जा" "तोहन लोग हमरी पिता की घर के व्यापार क जगह मत बनवअ जा" यीशु, अपनी पिता की घर से बेहद प्रेम करत रहलन।





अगुवा लोग यीशु
के चिंन्ह दिखावे के
कहलन जेवना से
मालूम होखे कि
उनके मंदिर खाली
करवला क अधिकार
बाटे। यीशु उत्तर
दिहलन,
"ए मंदिर के तोहन
लोग नष्ट कर द जा
अउर हम ओके तीन
दिन में फिर से खड़ा
कर देइब।" असंभव!
ए मंदिर के निर्माण
करे में छियालीस
साल लागल बा।

यीशु अपनी शरीर की बारे में कहत रहलें। मंदिर की तरह, उनकर शरीर भी परमेश्वर क निवास स्थान रहल। हालांकि यीशु क्रूस पर मरेवाला रहलन, लेकिन उनके ई मालूम रहल कि परमेश्वर उनके तीसरा दिन मूवला में से जियइहन।





एक रात, आराधनालय की अगुवन में से एक जना यीशु से मुलाकात कइलन। चमत्कारन की माध्यम से उनके पता रहल कि यीशु ही परमेश्वर की ओर से भेजल गइल बाड़न। निकुदेमुस, यीशु की पास परमेश्वर की बारे में अउर अधिक जाने खातिर आइल रहलन।



यीशु नीकुदेमुस से
कहलन की लोगन के
परमेश्वर की राज्य में
प्रवेश करे की खातिर
नया सिरे से जनम लेबे
के होइ। निकुदेमुस एके
ना समझ पवलन। एगो
बड़ आदमी फिर से एगो
छोट लइका कइसे बन
सकत बा? दिलचस्प
बात ई बा कि उ एगो
धार्मिक व्यक्ति रहलन।
का एतना ओकरी
खातिर पर्याप्त
ना रहे?



"आत्मा से जे जनम लेले बा उ आत्मा हअ," यीशु समझवलन। "परमेश्वर क आत्मा एगो हवा की तरह हअ। लोग हवा के देख या समझ ना सकत बाने। हवा का करे ला, हमनी क खाली ओकरा के देख सकत बानी जा"



यीशु निकुदेमुस के याद दियवलन, पूर्व काल में इसराएल क लइका लोग कवना तरह से मूसा से शिकायत कइल लोग। उ लोग गिड़गिड़इलन, "हमनी की पास कवनो भोजन, पानी ना बा, अउर हमनी क परमेश्वर के दिहल ई रोटी से नफरत करत बानी जा।"

लोगन क पाप परमेश्वर के
क्रोधित कइलस। परमेश्वर, उनकरी
बीच में उग्र नागन के भेजलें। नाग
सब लोगन के डसलें अउर बहुतेरे
लोगन मर गोइलें।





"हमनी क पाप कइले बानी जा। प्रार्थना करअ जा की यहोवा ए सांपन के हमनी से दूर करें," लोग विनती कइलें तब मूसा ओ लोगन की खातिर प्रार्थना कइलन। लेकिन परमेश्वर ओ नागन के उनसे दूर ना कइलन।


परमेश्वर मूसा से कहलन की एगो
उग्र नाग बनाव अउर एगो उँच जगह पर
ओके टांग दअ। परमेश्वर ई वादा कइलन
कि, "हर केहु जेके नाग डसी उ जीवित
तब रही जब, उ उँचाइ पर टाँगल नाग
के देख लेई।" मूसा एगो पीतल क नाग
बनवलन अउर जेतना लोग ओके देखलें
उ सब लोग
चंगा हो गइलें।


यीशु नीकुदेमुस के बतवलन
कि, "मनुष्य क बेटा भी
एही तरह से पीतल
की नाग की तरह
ऊपर चढ़ावल
जइहन।"


यीशु ओ क्रूस क बात
करत रहलन जेवना
पर उ पापियन
की खातिर
मरे वाला
रहलन।


काँहे से कि परमेश्वर जगत से
अइसन प्रेम रखलें कि उ अपनी
एकलौता बेटा के दे दिहलन,
ताकि जे केहु उन पर
विश्वास करी, उ नाश ना
होई, परन्तु अनन्त
जीवन पायी।



एकर मतलब ई भईल कि जे
केहु यीशु में विश्वास करे
ला उ परमेश्वर की
परिवार में पैदा
हो जाला।

शायद नीकुदेमुस ओ रात यीशु क
शिष्य ना बनलें। लेकिन सालों बाद,
नीकुदेमुस, क्रूस पर चढ़ावल परमेश्वर
की बेटा के दफनावे में मदद
करके ई दिखवलन की उ
यीशु में विश्वास अउर उन
से प्यार करे लें।



एकरी बाद, यीशु अउर उनकर चेला लोग उत्तर में यात्रा करे की खातिर निकल पड़लें। अन्य लोगन के भी परमेश्वर की राज्य की बारे में सुनल अउर यीशु नासरी, परमेश्वर की बेटा में विश्वास करे क मौका मिलल जरूरी रहल।



# आराधनालय की एगो अगुवा क यीशु से मुलाकात

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

यूहन्ना 2-3, गिनती 21

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्‌भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16